

# Pale. Jwe. Li!

Chak jou, gen mwayen amizan ak fasil pou ede pitit ou a bati yon lanmou pou lekti pou lavi.

## Pale

- Poze kesyon! Eseye poze pitit ou a kesyon sou mo ki rime (“Ki mo ki rime avèk “car?”), oswa poze kesyon ki kòmanse yon konvèsasyon (“Poukisa ou pa renmen liv sa a?”).
- Swiv direksyon pitit ou a bay. Si li sanble li enterese nan yon liv oswa yon sijè, kontinye pale sou li!
- Si w ap gade yon film oswa TV ansanm, pale avèk pitit ou a sou sa w ap gade a. Poze kesyon tankou, “Èske pèsonaj sa a te kontan oswa tris?” oswa “Kisa w panse ki pral rive apre?”.

**Eseye sa!** Pale sou kote bagay ye avèk mo tankou “premye” ak “dènye oswa “goch” ak “dwat” pou ede l apran mo nouvo. Pale sou opoze tankou “anwo” ak “anba.”

## Jwe

- Jwe jwèt mo ki ede pitit ou a aprann son. Eseye di “Mwen espyone avèk je m yon bagay ki kòmanse avèk son ‘f-f-f-f.’ Kisa w panse m ap gade?”
- Jwe jwèt mo ki rime. Bay pitit ou a yon mo ki rime epi kite l devine ki animal. “Mwen rime avèk mat. Mwen se yon...” Ou ka jwe jwèt sa nan otobis la, nan tren oswa nan vwati a.
- Jwe jwèt tab tankou Boggle oswa Scrabble k ap ede pitit ou a bati aptitud pou lekti pandan l ap amize l. Oswa ekri ekri lèt sou yon moso papye epi gade ki mo pitit ou a ka konpoze.

**Eseye sa!** Fè son mo ki nan yon fraz (itilize mo ki gen yon sèl silab avan). Timoun ki pi gran yo ka fè son endivdyèl nan mo (c-a-t), oswa dekode silab nan mo ki pi long (ad-ven-ture).

## Li

- Ale nan bibliyotèk ki bò lakay ou a! Ou ka li anpil liv timoun pandan w la oswa prete yo pou pitit ou a li lakay. Enskri pou yon kat bibliyotèk se fasil ak gratis.
- Li liv awotvwa ansanm, nan nenpòt lang. Kite pitit ou a chwazi liv sou bagay ki enterese l!
- Lè nou soti ansanm, mande si pitit ou a ka fè son mo ki sou afich, devan magazen yo, siy ki nan lari a oswa bagay ki nan boutik.

**Eseye sa!** Si pitit ou a li deja, se tou pa w pou li! Li mwaye paj la epi mande pitit ou a pou l li lòt mwaye a. Mande, “Sou kisa istwa sa a pale?” oswa “Èske w te renmen pèsonaj sa a? Pou kisa?”

# Pale. Jwe. Li!

## Gen anpil resous fanmi w ka itilize pou kòmanse prepare pou fè lekti!

### Itilize myON pou li liv gratis sou smart phone ou, tablet ou oswa sou konpitè

Bibliyotèk dijital myON lan gen plis pase 6000 liv tankou an panyòl, epi myOn News pibliye atik dapre laj ki apwopriye chak jou. Fanmi ki gen timoun tout laj gen aksè gratis jiska 30 septanm 2018.

[www.myon.com](http://www.myon.com) (Pou klas K-2yèm ane, username "nycb" ak password "myon")

### Ale nan bibliyotèk bò lakay ou a

Ou ka li avèk pitit ou, prete liv pou ale lakay oswa patisipe nan pwogram gratis. Genyen tou resous sou entènèt ou ka download nan bibliyotèk oswa laky ou.

#### In Manhattan, Bronx ak Staten Island

Chèche bibliyotèk ki pi pre lakay ou: [www.nypl.org/locations/map](http://www.nypl.org/locations/map) oswa rele nan (917) ASK-NYPL

Chèche resous pou lektè debitan: [www.nypl.org/education/parents](http://www.nypl.org/education/parents)

#### Nan Brooklyn

Chèche bibliyotèk ki pi pre lakay ou: [www.bklynlibrary.org/locations](http://www.bklynlibrary.org/locations) oswa rele nan (718) 230-2100

Chèche resous ak pwogram gratis: [www.bklynlibrary.org/learn/kids](http://www.bklynlibrary.org/learn/kids)

#### Nan Queens

Chèche bibliyotèk ki pi pre lakay ou: [www.queenslibrary.org/ql\\_findabranch](http://www.queenslibrary.org/ql_findabranch) oswa rele nan (718) 990-0728

Chèche resous ak pwogram gratis: [www.queenslibrary.org/kids](http://www.queenslibrary.org/kids)

### Eseye li zouti lekti Rockets ki fasil pou itilize

Pandan ete a, ou ka jwenn konsèy sou lekti. Pou kòmanse resevwa mesaj sou literacy ete, sèlman voye tèks mesaj ak mo READING nan 41411 nan telefòn mobil ou oswa enskri sou entènèt.

[www.startwithabook.org/sms](http://www.startwithabook.org/sms)

Chèche konsèy sou lekti pou paran nan plizyè lang tankou pou paran timoun ki gen andikap.

[www.readingrockets.org/article/reading-tips-parents-multiple-languages](http://www.readingrockets.org/article/reading-tips-parents-multiple-languages)

**Gade, videyo amizan awotvwa epi jwe jwèt literacy avèk pitit ou a** Storyline Online gen divès liv timoun aktè yo li awotvwa yon fason amizan ak konvenkan.

[www.storylineonline.net/](http://www.storylineonline.net/)

Reading Pioneers gen yon gwo koleksyon liv anime yo li awotvwa sou chèn YouTube yo a.

[www.youtube.com/readingpioneers](http://www.youtube.com/readingpioneers)

Unite for Literacy gen yon koleksyon liv nan plizyè lang, avèk narasyon.

[www.uniteforliteracy.com/](http://www.uniteforliteracy.com/)

PBS Kids gen jwèt sou literacy ak pèsonaj TV pitit ou a ka konnen.

[pbskids.org/games/](http://pbskids.org/games/)

[www.schools.nyc.gov/earlyliteracy](http://www.schools.nyc.gov/earlyliteracy)